

PWOGRAM OTO-DIREKSYON



Kesyon Moun Poze Souvan pou Pwogram ki Dirije pa Patisipan an

1. **K: Si mwen vle dirije sèvis DDS mwen yo Poukont Mwen avèk Pwogram ki Dirije pa Patisipan an kijan mwen ka kòmanse?**

R: Pou kapab enskri nan Pwogram ki Dirije pa Patisipan an (Participant Directed Program, PDP) ou dwe kontakte Kowòdonatè Sèvis DDS ou an. Yon moun dwe elijib pou sèvis DDS pou adilt, dwe fè yon evalyasyon bezwen epi dwe an priorite pou sèvis DDS yo avèk yon alokasyon. Ou dwe genyen volonte pou travay avèk yon Kowòdonatè Sèvis DDS/Koutye Sipò jan sa nesesè pou aprann sou aspè PDP a.

2. **K: Nan ki laj, yon moun ka enskri nan Pwogram ki Dirije pa Patisipan an?**

R: An jeneral, sèvis DDS pou adilt yo kòmanse nan laj 22 lane lè sèvis lekòl yo fini. Moun ki elijib pou ASD (Sèvis pou Otis san Andikap Entelektiyèl) yo ka resevwa sèvis yo lè yo genyen 18 lane epi lè yo kite lekòl. Moun ki enskri nan pwogram DESE a kapab chwazi dirije sèvis yo atravè PDP. Ou dwe diskite sou lòt sitiyasyon yo avèk Kowòdonatè Sèvis ou an oswa avèk Biwo Zòn ou an.

3. **K: Kisa yon Koutye Sipò ye?**

R: An jeneral, yon Koutye Sipò se yon Kowòdonatè Sèvis DDS ki ede w defini vizyon ak bezwen ou yo. Yo pral ede kreye yon bidjè epi devlope yon rezo sèvis ak sipò. Koutye Sipò DDS la asiste nan anpil aspè nan Pwogram Ki Dirije pa Patisipan an.

4. **K: Kisa Sèvis Jesyon Finansye a ye epi kijan mwen pral itilize l avèk Pwogram ki Dirije pa Patisipan an?**

R: DDS genyen yon kontra avèk yon Sèvis Jesyon Finansye ki rele **Public Partnerships LLC (PPL)**. PPL bay responsablite fiskal pandan l ap asire ke peman yo apwopriye ak sa DDS te otorize yo epi respekte obligasyon Eta yo ak obligasyon federal yo. Yo bay chèk peman epi/oswa yo fè peman chak de semèn, yo fè verifikasyon CORI ak verifikasyon Nasyonal Antesedan, yo trete aplikasyon anplwaye a, yo kenbe taks ki apwopriye nan nivo Eta a ak nan nivo federal la, yo bay relve w-2 ak relve 1099 nan Janvyè, yo bay rapò sou sitiyasyon peman pandan tout ane a epi fè aranjman pou konpansasyon travay pou anplwaye yo.

5. **K: Èske yo retni taks nan chèk peman anplwaye mwen yo?**

R: Wi, yo retni taks pou anplwaye yo, sa genyen ladan: Taks sou Sekirite Sosyal, Medicaid (FICA), ak taks sou revni Eta a ak federal la retni nan chèk peman chak anplwaye. PPL pral prepare epi voye yon Deklarasyon Salè W-2 pa lapòs bay chak anplwaye nan mwa Janvyè.

6. K: Kijan mwen ka jwenn anplwaye pou travay?

R: Anpil moun kreyatif epi yo jwenn anplwaye nan rezo chak jou yo a. Li kapab yon moun yo konnen nan sistèm eskolè a, yon vwazen, zanmi fanmi an oswa yon moun yo jwenn atravè anons oswa sit sitwèb sou entènèt tankou RewardingWork.org, Care.com, Indeed.com ak lòt. Pawèl nan bouch moun epi rete ouvè pou pataje òf travay yo se yon bagay ki itil anpil.

7. K: Èske mwen ka rekrite yon manm fanmi pou kapab yon anplwaye?

R: Patisipan yo pa kapab rekrite konjwen yo, oswa gadyen legal yo pou okenn sèvis. Yo kapab rekrite lòt manm fanmi yo antanke yon anplwaye epi peye yo pou bay sèten sèvis sèlman si yo satisfè sèten egzijans. Ou ta dwe pale avèk Koutye Sipò DDS ou an konsènan rekritman lòt manm fanmi pou jwenn oryantasyon espesifik.

8. K: Kisa anplwaye yo ranpli pou yo rekrite yo?

R: Yo dwe fè yon aplikasyon pou anplwa ki genyen ladan yon demann pou CORI ak yon demann pou verifikasyon Nasyonal Antesedan. Sa yo dwe fèt epi apwouve anvan yo ka travay.

9. K: Èske anplwaye mwen an ka travay anvan li fè verifikasyon CORI li a?

R: Anplwaye yo pa ka kòmanse travay anvan apwobasyon CORI a, epi PPL p ap bay peman pou tan ki soumèt anvan apwobasyon CORI a. Règ sa an plas pou pwoteje oumenm ak fanmi w pou pa rekrite yon moun ki gendwa pa satisfè nòm Eta a pou bay sèvis ki disponib nan pwogram sa a. Verifikasyon Nasyonal Antesedan an egzijib tou; sa se yon revizyon ke gouvènman federal la fè pou anprent dijital.

10. K: E si anplwaye mwen an pa ka vin travay pandan yon jou?

R: Li enpòtan pou devlope yon plan sekou nan kad Pwogram ki Dirije pa Patisipan an, pou lè anplwaye a pa disponib. Yon opsyon pou konsidere se rekrite plizyè anplwaye.

11. K: Kijan yo detèmine bidjè a?

R: Chak bidjè baze sou bezwen inik moun nan, sipò ki nesesè ak frekans sèvis sa yo. Direktè Zòn DDS la detèmine montan jeneral bidjè a selon enfòmasyon ki soti nan evalyasyon ak resous ki disponib yo. Yon bidjè ki apwouve pa DDS la nesesè pou enskri nan Pwogram ki Dirije pa Patisipan an.

12. K: Kijan yon patisipan pral anmezi pou swiv bidjè li a?

R: Patisipan yo pral genyen aksè pou revize bidjè yo a sou entènèt nan tan reyèl atravè [Pòtay sou Entènèt PPL](#) la. Epitou patisipan yo ka revize epi diskite sou bidjè yo avèk Koutye Sipò DDS yo a.

13. K: Kisa k ap pase si genyen fon ki rete nan fen ane fiskal la?

R: Bidjè a devlope pou yon ane fiskal (1 Jiyè jiska 30 Jen), pou bay sèvis ak sipò yon moun bezwen. Fon ki pa itilize yo pa ka transpòte nan pwochen ane fiskal la oswa pa ka bay a moun lan dirèkteman.

14. K: Èske yon patisipan ka achte “Pwodui ak Sèvis” tankou abònman oswa aktivite, kou, elatriye?

R: Wi, ou ka achte Pwodui ak Sèvis, men ou dwe diskite sou sa alavans avèk Koutye Sipò DDS ou an. Yo pral peye yon demann pou peman oswa pou ranbousman sèlman avèk yon fakti PPL ki ranpli ak/oswa yon resi. Opsyon sa a dwe swiv konsèy ak pwosedi DDS la ki dekri kategori depans ki otorize ak depans ki pa otorize yo, egzijans ak pwosedi apwobasyon alavans yo, ak lòt egzijans pou deklarasyon ak egzijans pou kontwòl.

15. K: Èske genyen lòt opsyon pou Mwen Dirije sèvis yo Poukont Mwen apade Pwogram ki Dirije pa Patisipan an?

R: Wi, Modèl Agency with Choice la ofri menm kapasite pou endividyalize sipò ak aktivite yo, men avèk asistans yon Ajans founisè ki kalifye ki genyen bon konesans nan oto-detèminasyon. Yon lòt opsyon se pou genyen yon konbinezon sèvis tradisyonèl ak Pwogram ki Dirije pa Patisipan an.

DEPATMAN SÈVIS DEVLOPMANTAL NAN MASSACHUSETTS